## पाठ ६७

1. गतसमनी बागमे यिशु प्रार्थना करल काहेकि ऊ गहरा शोकमे डुबल रहे यिशु काहे गहरा शोकमे पडल रहे ?
    - काहेकि यिशु वहांके बहुत सतावट सहेलाके परी कहके थाहा रहे ।
    - काहेकि यिशुके आपन सामने आएवाला सतावट अभिन तक दोसर कउनो पाएवाला सतावटसे ज्यादा कठिन बा कहके थाहा रहे ।
2. तरबार आ हाथहथियार लिएवाला लोग के अगुवाइ कउन करतरनी ?
    - यहुदा ।
3. यिशुके पक्रेलाके यहुदाके कउन उक्साइल रहेला ?
    - शैतान ।
4. शैतान आज ककराके अगवाइ करत रनी ?
    - ऊ सब आदमीसबके जउन परमेश्वरके विरुद्धमे पाप ना करेला कहके विश्वास करतरनी ऊ सबके शैतान अगुवाइ करेला ।
5. यिशुके चेलासब काहे भागगेल ?
    - चेलासब डरागइलरहे आ यिशु कथी कारणसे पक्राउ परगेला ऊ ना समझगइल ।
6. चेला लोग का बात ना समझलन स ?
    - चेलन लोग ना समझेला बात इहे रहे कि यदि अगर यिशु पक्राउ परेला आ मारगेला तब वहां कइसन उद्धारकर्ता बनेला ।
7. यिशु के पक्राउ करेवाला आदमीसब यिशके केहां लेकर गइल ?
    - यिशुके पक्राउ करेवाला आदमीसब वहांके प्रधान पूरोहित केहां लेकर गइल ।
8. यिशु के पक्राउ करेवाला आदमीसब यिशके केहां लेकर गइल ?
    - यिशुके पक्राउ करेवाला आदमीसब वहांके प्रधान पूरोहित केहां लेकर गइल ।
9. यहुदी अगुवासब  काहे यिशुमे कउनो भि दोष फेला पारल ना सकेला ?

- काहेकि यिशु कउनो खराबि ना करलबानी ।
- काहेकि यिशु पाप ना करबानी ।

10. यिशु के पक्राउ करेवाला आदमीसब यिशके केहां लेकर गइल ?
    - यिशुके पक्राउ करेवाला आदमीसब वहांके प्रधान पूरोहित केहां लेकर गइल ।
11. यहुदी अगुवासब काहे यिशुमे कउनो भि दोष फेला पारल ना सकेला ?
    - काहेकि यिशु कउनो खराबि ना करलबानी ।
    - काहेकि यिशु पाप ना करबानी ।
12. काहे प्राधान पुजारी यिशुके मारेके परी कहलन ?
    - प्रधान पुजारी कहलन कि यिशु परमेश्वरके सराप दअलन रहे ।
13. का यिशु परमेश्वरके सराप दिअलन स ?
    - ना ।

- जब यिशु प्रधान पूजारी आ यिहुदीयके अगुवासब यिशके वध करे कहके निन्दा करेला अउर ओकुनी लोग वाहंके पिलातसकेहा पहुचाइल ।

मर्कुस १५:१ पढलजाइ

अउर भोर होते तुरुन्तै मयाहायजक पुरनिया अउर सास्त्रीलोग बरकुलै महासभा राय करके यिशु के बढल जा अउर उनकराके लेहजाके पिलातुसके हातमे सौप देहलन ।

1. पिलातस कउन रहलन स ?
    - पिलातस रोमी सम्राट नियुक्त करेला यिहुदियनके मुख्य प्रशासक बाडे ।
    - यिशुके मारेके यिहुदियनके पिलातससे अनुमति चाहेला ।
    - जब यिशु पिलातसके सामने लियाइल तब ऊ यिशसे पुछलन ।

मर्कुस १५:२ पढलजाइ

अउर पिलातुस यिसुसे पुछलन । का तु यहुदी लोगके राजा होव । अउर यिशु उनकराके जवाफ देलन तु खद कहताड ।

2. यिशु काहे वहां यहुदियनके राजा बाडे कहलन स ?
    - काहेकि यिशु राजा दाउदके दरसन्तान बानी ।

मर्कुस ३-६ पढलजाइ

महायाजक लोग यिशुपर ढेर दोष लगावत रहले । पिलातुस यिसुसे ए पुछलन । का तु कुछउ जवाफ नइखे दे । देखा यी लोग तोहरा पर केतना दोष लगाव ताड ।

यिशु फेर कुछो जवाफ ना देहलन । एइसे पिलातुसके बहुत अश्चरज भइल । अउर पिलातुस व परवमे कउनो एगो कइदीके जउनाके लोग चाहत र उननिके खातिर छोड देत रहेल ।

- यद्यपि आदमीसब यिशुके झूठ आरोप लगावले बानी बाकी यिशु भि चुप बाडे आ उत्तर ना देहलन ।
- परमेश्वरके नवीस मार्फत बहुत साल पहिल कहलेजइसने वहां आपनके उपर लागेला आरोप पर भि चुप बइडल ।
- निस्तार चाडके समयमे पिलातुस यहुदियनके निमित्त एगो कइदीके छुटकारा दिएला चलन रहलन स ।
- वइसने पिलातुस का ऊ छुटकारा यिशुके दिए सकेला कहके यहुदी अगवासे पूछलन ।

मर्कुस १५:६-११ पढलजाइ

बरब्बा नामके एगो आदमी व देशमे बगावत करेवाला रहे । जउन ढेर लोगके जान मारले रहे । अउर भिड उपर जाके पिलातुस से बिन्ती करे लागल जइसन तु हमनी खातिर कर आइल बाड । वइसही करि ह । पिलातुस उननी केही जवाफ देहलन । का तोहन लोग चाह तड जा कि हम तोहन लोगके खातिर यहुदी लोगके राजाके छोडदी । काहे कि ऊ जानत

रहेले महायाजक लोग यिशुके डाहसे पक्रउले बा । बांकी महायाजक लोग लोगनके उक्सइले कि ऊ बरब्बाके उननीके खातिर छोडले । पिलातुसके यिशु कउनो गलती ना कइल कहके थाहा रहे ।

- यिशुसंगे डाहसे भरगेला से यिहुदियन अगुवासब वहांके पक्राउ करतरनी कहके पिलातुसके थाहा रहे ।
- वइसन कारणसे पिलातुस यहुदियन यिशुके छुटकारा दिएवाला रहे कि कहके आशा राखलन ।
- लेकिन महायाजक यिशुके बदले बरनाबास नाम रहे एगो हत्याराके छोडदेवो कहेलाके भीडके उत्तेजित बनाइल ।

3. ओकराके बाद पिलातुस यिहुदियनके एको प्रश्न पुछलन ?

मर्कुस १५:१२-१४ पढलजाइ ।

यि सुनके पिलातुस ए सुनके फेर पुछलन । त तुहन लोग जेकराके यहुदाके राजा कहलन जा ओकराके हम का करी । उननीके फेर चिल्लाइलन स । ओकराके क्रूसपर चढा जा । पिलातुस उननीसे कहलन । काहे यि का बुराइ कइल बाढ । बाकी उननके अउरी चिल्लाइल लगलन स । एकराके क्रुसपर चढा जा ।

- यद्यपि यिशु कुछ गलती ना कइल रहे बाकी भीड यिशुके घृणा कइल आ वध करे चाहि ।
- परमेश्वर नवीद्वारा बहुत साल पहिले कहले जइसने उद्धारकर्ता कारण विना घृणा करेवाला रहलन स ।
- भीड यिशुके क्रूसमे झुन्ड्याएके चाही ।

4. क्रूसमे झुन्ड्याएलाके मतबल कथी ह ?

- क्रूसमे झुन्ड्याएके मतलब केकराके क्रूसमे हात पइरमे कील ठोकमे मरेलाके छोडदेलन बा ।

- रोमी शासकसब बहुत निर्दयी अपराधीसबके दिए वाला सबसे ज्यादा भयानक दण्डके नाम क्रूसके दण्ड बा ।
- ओकराके बाद पिलातुस यिशुके कोर्रा चलावेके आदेश दे दिअलनस ।

मर्कुस् १५:१५ पढलजाइ

तब पिलातुस भिडके खुस करेके विचार से बरब्बाके उननीके खातिर छोड दिहलन । अउर यिकुके कोर्रा लगवाके सौपिलन । क्रुसपर चढावल जा सु । अउर

- जब रोमीसब केकराके कोर्रा चलावेला त ऊ कोर्रामे कांटा भरलरहे धातु भि रहेला ।
- जब रोमीसब कउनोके कोर् चलावेला त ऊ कोर्रा खाएवालन मे से कउनो त मर भि जाअल रहे ।
- यिशुके कोर्रा चलाएलाके बात सिपाहियन लोग यिशुके मजा उडाइल ।

मर्कुस १५:१६-२० पढलजाइ

अउर सिपाही यिशुके किल्लाके भितर आगनामे ले गइलन । जउन प्रिटोरियम कहला । अउर सारा पल्टनके बोला लिहलन । अउर नउनीके ओकराके बैजनी कपढा पहिनावल । अउर काडके मुकट बनाके उनकरा शिर पर रखलन । अउर यि कहके उनकराके नमस्कार करे लागलन । हेयहुदी लोगके राजा नमस्कार । अउर नउनकिके कपाडपर सरकन्डा मारे अउर उनपर थुके लगलन स अउर घुटना टेकके प्रणाम करे लगलन स । जब उ लोग उनकर मजाक कर चुकले त उनकरा शर परसे वैजनी कपडा उतारके उनकरे कपडा पहिलाइलन स । अउर नकराके क्रुसपर चढावे खातिर बहार ले गइलन स ।

- सिपाहियन सब यिशके पिटेला आ थुकेला ।

- परमेश्वर बहुत वरष पहिल नवीस ब मार्फत कहले जइसने उद्धारकर्ता पिटेवला आ थुकेवाला रहे ।
- काहेकि प्रजासब ओकुनीसबके राजाके घुंटा टेकके नमन कइल त यिशुके भि अयसन अभिवादन करके सिपाहियन वहांके मजाक उडाइल ।
- काहेकि राजासब वैजनी वस्त्र पहलन रहे त सीपाहियन यिशुके वैजनी वस्त्र पहिनादेके वहांके मजाक उडाइल ।
- काहेकि राजासब ओकुनीसबके शिरमे श्रीरपोस पहिन हरे त सिपाहियन भि वहांके शिरमे कांटाके मुकुट पहिनाके वहाके मजा उडाइलन ।
- काहेकि सालों पहिले नावी मार्फत परमेश्वर कहले जइसने उद्धारककर्ताके मजाक बनेवाला रहे ।

5. कांटा के मुकट केकराके प्रतीक रहेला ?
    - कांटा के मुकट परमेश्वरके सराप जनावेला ।
    - जब आदम आ हब्वा पाप कइल परमेश्वर धर्तिके सराप देदिल आ कांटा उगाव कहके आज्ञा देदिअलन स ।
6. जब सिपाहियन सब यिशके शिरमे कांटाके मुकट पहनाइल त केकर चिन्न देलन ?
    - यहि कि यिशु परमेश्वरके सराप बोकले बानी ।

मर्कुस १५:२१-२२ पढलजाइ

अउर सिकन्दर अउर रुखसके बाप सुमौन नामके एक कुरेनी आदमी जउन गावंसे आवथरनी । उननीके ओकराके केगारमे पकडलन यिशुके क्रुस उठाके ले चले । अउर उननीके यिशुके गुलगुथा नामके जगा पर जेकर माने खोपडी के जगा हे लिअल ।

- ओकराके बाद सिपायहिन सब यिशुके जेरुसलमे शहरके बाहर गोलगथा नाम रहे पहाडके उपर वहांके झुन्ड्यावेलाके लिए लिअल ।
- पहाडमे सिपाहीसब क्रूस बनाइल आ यिशुके क्रूसमे रखलन ।
- सिपाहीयन ओकराके बाद यिशुके हाथमे क्रूसके उपर किल ठोकलन आआ निचे वहांके पइरमे किल ठोलन ।
- बहुत बरष पहिल परमेश्वर नवीद्वारा कहले जइसने उदध्रकर्ताके हात आ पइर मे किल ठोकेवाला रहे ।
- सिपाहियनसब ऊ कार सकेलाके बाद ओकुनीसब क्रूस ठड्याइल आ यिशुके निचा नाही लेकिन शिर उपर करके क्रूसमे टांगदेल ।

7. का अपनेके यिशु निकोदेमस के कहेवाला बात याद बा ?
   - यिशु ए कहलन कि जइसन मोसा पितलके सांप बनाइलके खम्बामे ठडावलन आ आदमीसब बचगेल त वइसने यिशु भि क्रूसमे ठड्यावेला ताकि आदमीसब बाचलजावो ।

मर्कुस १५:२३-२४ पढलजाइ

अउर नकराके मुर् मिलावल अगुरके रस देवे लगलन स । बाकी ऊ ना लिअलहले । तब ऊ उननीके यिशुके क्रूसपर चढइलन स । उनका कपडापर चिठ्ठी डालके केकराके मिली ओकराके बाँट दिहलन स ।

- कुछ मेहरारूलोग यिशुके मुर्र मिसेला रक्सी पिएला के दिअल लेकिन यिशु अस्वीकार कइलन ।
- यिशुके क्रूसमे टांगेवाला सिपाहीसब वहांके कपडा बांडचुँड करेलाके निमित्त चिट्ठा बाँटलन ।
- परमेश्वर नवीद्वारा बहुत साल पहिल कहले जइसने ओकुनीसब यिशुके कपडा बांडचुंड करेलाके चिट्ठा बांडेवाला रहे ।

मर्कुस १५:२५-२७ पढलजाइ

अउर पहर दिन चढल रहे । जब उननीके यिशुके कुसपर चढइलन स अउर उनपर दोष पत्र लिखके यिशुके उपर क्रुसपर लगा दहिल गइल । कि यहुदियनके राजा अउर यिशुके साथे दोगो डाँकु एगो दाहिना अउर एगो उनकरा बायाँ ओरि क्रूसपर चढइलन स ।

- यिशुसंगे दु अउरो आदमीसब भि क्रूसमे टांगेला रहे एगो दायां अउर दोसर वायां ।
- ओकुनीसब दुष्ट आदमी सब रहे ।
- परमेश्वर नवीद्वारा बहुत साल पहिले कहले जइसने उद्धारकर्ता दुष्ट आदमीसबसंगे मरेवाला रहे ।

मर्कुस १५:२९-३२ पद पढलजाइ

तब धरमशास्त्रके ऊ वचन ऊ पापियनके साथन गिनल गइल पूरा भइल अउर रास्तामे जाएवाला शिर हिला हिलाके यि कहके यिशुके निन्दा करलन स तोहार ए मन्दिरके उठाए वाला अउर तीन दिनमे बनाएवाला क्रुसपरसे उतरके अपनाके वचावा । यही रीतिसे महयाजक लोग भि शास्त्री लगके साथै अपना मे हसी करले रहलन स । यी दोसरा लोगके बचावलनस । अउर अपनाके नइखे बचा सकलत । इजराइलके राजा मसिह अब कुसपरसे उतर आवो । हमनीके भि देखेके विश्वास करि जा जब उनकरासाथे क्रुस पर चढाव गइलन स उहो यिशुके निन्दा करत रहलन स ।

- यिशु यदि हिब्रूसब परमेश्वरके मन्दिर गिरादेल त वां ऊ मन्दिरके तीन दिनमे खडा करेला कहत रनी ।

8. का यिशु हिब्रूसबके जेरुसलमे शहरमे बनाएवाला पथ्थरके मन्दिरके बारेमे बात करत रनी ?
    - ना ।
9. यिशु कउन मन्दिरके बारमे बात करत रनी ?
    - यिशु वहांके शरीरके बारेमे बात करत रनी ।

- यिशु यहि कहत रनी कि यदि हिब्रूसब यिशुके क्रूसमे टांगके वहांके शरीरके वध करेला त पर भि वहां तेसर दिनमे वौरी उठेवाला रहे ।

मर्कुस १५:३३ पढलजाइ ।

अउर दुपहर होइला पर सब देशमे अन्धरिया छा गइल ।

- तीन घडीके अन्धेरा एगो चिन्ह बा ।

10. सारा देशभर फैलरहेला तीन घडीके अन्धेरा केकराके चिन्न रहे ?
    - पिता परमेश्वर यिशुके क्रूसमे वहांके प्राण खिंचत रनी ।

मर्कुस १५:३४ पढलजाइ

अउर तिसरा पहर यिशु बड आवाजसे पुकारके कहलन । इलोइ इलोइ लामा सबखथनी । जेकर माने यि ह । हे हमार परमेश्वर हेर हमार परमेश्वर । तु हमराके काहे छोड देले बाड ।

- जब पिता परमेश्वर क्रूसमे यिशुके प्राण खिंचत रनी तब यिशु चिच्याइल ।

11. पिता परमेश्वर काहे यिशुके प्राण खिंचलन ?
12. का यिशु कहियो कउनो चिज खराब करलन ?
    - ना ।
13. त पिता परमेश्वर काहे यिशुके प्राण खिंचलन त ?
    - पिता परमेश्वर यिशुके अपनेके हमर आ सब आदमीसबके पापके खातिर सजाय दिएअल रनी ।
    - काहेकि पिता परमेश्वर यिशुके हमर पापके खातिर सजाय दिअल रनी वइसने वहां क्रूसमे यिशुके परान खिंचल ।
14. अदनके बगैंचामे परमेश्वर आदम आ हब्वाके अगर ओकुनीसब परमेश्वर ना खावो कहेला रुखके फल खइलन त कथी भ कहके चेतावनी दिअलन स ?
    - ओकुनीसब मरेला रहे ।

- काहेकि आदम आ हब्वा पाप कइल वइसने ओकुनीसब परमेश्वरसे अलग भइलाके मरगेल ।
- अभिन यिशु पिता परमेश्वरसे अलग भइलरहलन स ।

मर्कुस १५:३५-३६ पढलजाइ

जउन लोग लगे खडा रहे ऊ लोगमेसे केतना कहलन । देखलो ए एलियाके पुकारता । अउर एगो स्पन्जमे सिर्का डबउलस अउर सरकन्डापर रखकर यिशुके चुइलस अउर कहलस ठहरजालु देखल जा कि एलिया ओकराके उतारे खातिर आव ताडे कि ना ।

- यिशुके क्रूसमे झुन्ड्यावेला देखलरहे आदमीबस वहां एलियाके बुलावेला कहके सोचलन ।
- यिशु एलियाके ना बुलाइलरहेला ।
- यिशु त पिता परमेश्वरके पुकार करत रनी ।

15. यिशु काहे पिता परमेश्वरके पुकार कयल ?
    - काहेकि पिता परमेश्वर यिशुके परान खिंचत रनी  आ यी सब से ज्यादा कठिन सजाय रहेला ।
16. पिता परमेश्वर आ यिशु कहियो से साथमे रहेला ?
    - जहियो जहियो से ।
17. का पिता परमेश्वर आ यिशु साथमे ना रहेवाला कउनो समय रहलन स ?
    - ना ।
    - काहेकि यी हि पहिलबार रहलन जउनसमय पिता परमेश्वर आ यिशु साथमे ना भइला वइसने यिशु चिच्याइल ।
    - पिता परमेश्वरसे बिछोडेला संसारमे सबसे ज्यादा कठिन समय बा ।

मर्कुस १५:३७ पढलजाइ

तब यिशु जोर से चिलाके परान छोड दहिले ।

- यिशु क्रूसमे मरगेल ।

18. यिशु मरेलाके बाद मन्दिरमे कथी भइल ?

मर्कुस १५:३८ पढलजाइ

अउर मन्दिरके पर्दा उपसे लेके निचे तक फाडके दु टुकडा हो गइल ।

19. मन्दिरके पर्दाके काम कथी रहे ?
    - पर्दा मन्दिरके दो कमराके अलग पारेला ।
    - पर्दा मन्दिरके महापवित्र स्थानके पवित्र स्थानसे अलग करेला ।
20. पर्दा के प्रतीक कथी ह ?
    - पर्दा परमेश्वर आ आदमिके बीचके विछोडके चिन्ह बा
21. परमेश्वर आ आदमी काहे बिछडल रहे ?
    - पापके कारणसे ।
    - हमर पापके कारणसे परमेश्वर आ आदमी अलग भइगेल वइसने महायाजक सालके एकबार घुसेला के अलावा अउरो कोउनो भि महापवित्र स्थानमा ना घुस सकेला ।
22. ऊ पर्दाके शिरसे पावतक कउन दु फ्याक पारके फाडल ?
    - परमेश्वर ।
23. काहे परमेश्वर पर्दाके दु फ्याक करके फाडल ?
    - परमेश्वर पर्दाके दु भाग करके फाडल ताकि अब परमेश्वर आ आदमीके बिच कउनो अलगाउ ना भइल ।

मर्कुस १५:३९ पढलजाइ

अउर सुवेदार यिसुके सामने खडा रहे । जब ऊ अयसन चिल्लाके परान छोडलत देखिलन त ऊ कहलन । सांचमे यि आदमी परमेश्वरके बेटा हरे ।

- जब सिपाहियनके अधिकारी इशु मरगेला खेललन ओकराके बाद ऊ यिशुके उद्धारकर्ता बा कहके जानलन ।

मर्कुस १५:४०-४१ पढलजाइ

केतना मेहरु दुरसे देखत रली जा । वह मे मरियम मगदलिनी अउर छोट्या याकुब अउर युसेफके महतारी मरियम अउर सलोमी रहेलु । जब यिशु गलील से यरुसलमे आइल रहले । कइ मेहरारू लोग यसुके पिछे हो लिअले रहे । अउर नउकरा सेवा टहल करत रहेलु । अउर ढेर मेहरारु लोग रहे जउन यिशुके साथे यरुसलेममे आइल रहेलु ।

- ऊ मेहरारूके परमेश्वरमे विश्वास बाडे आ यिशु ही उद्धारकर्ता परमेश्वर बा कहके ओकुनीसब के थाहा रहे ।

मर्कुस १५:४२-४६ पढलजाइ

जब सांझ भइल त एहसके तंयारिके दिन रहे । जउन सवाथके एक दिनके पहिले होला । अरमिथिया के रहेवाला युसुफ अइलन जो इज्जतदर मन्त्री अउर परमेश्वरके राहमे चेलेवाला आदमी रहेले । ऊ हिम्मत करके पिलातुसके लगे गइलन । अउर यिशुके लाश मलगन । पिलातुस अश्चरज कइलन । कि यिशु इतना जल्दी मरगइलन । अउर सुवेदारके बुलाके पुछलन । का यिशु मर चुकल बाडे । एहसे जब सुबेदारके जरिए मालुम भइल यिशु मर गइलन त लाश युसुफके दिवा दिहले । तब ऊ एगो पातर मखमलके चद्दर किन लेहले । अउर लासके उतारके व ऊमखमलके चद्दरमे लपेटलन । अउर एगो कबरमे जउन चट्टानमे खोद गइल रहेल । रखेले अउर कबरके मुखमे एगो पत्थर लुडका दिहलन ।

- अरमाथियाके युसुफ धनी आदमी रहे आ ओकुनी यिशु हि उद्धारकर्ता परमेश्वर बा कहके विश्वास कइलन ।
- यिशु मरेलाके बाद युसुफ पिलातुसकेहां गइल आ यिशुके शरीर गाडेलाके अनुमति मागलन स ।
- ओकराके बाद युसुफ यिशुके शरीर ले लिअलु आ ओकर आपन चिहानमे ओकराके दफनादेल ।
- परमेश्वर नवी मार्फत बहुत साल पहिल कहले जइसने उद्धारकर्ता यिशु धनीसबके चिहानमे दफनादिहलन ।